

SIJÈ: Mizajou sou Pwosesis Admisyon pou Lekòl Egzamen yo pou AS SY 2021-2022

Chè Kominote BPS,

N ap ekri w pou nou pataje enfòmasyon ansanm avèk ou sou pwosesis admisyon pou lekòl egzamen yo pou ane skolè 2021-22 a. Depi Oktòb 2020, BPS te kolekte epi verifye enfòmasyon pou chak elèv nan vil Boston an ki elijib pou admisyon nan yon lekòl egzamen. Kòm nou te mansyone avan, politik admisyon pou youn lane a egzije koleksyon anpil enfòmasyon an plis pase nan ane avan yo. Objektif nou se pou nou asire yon pwosesis admisyon ki jis ak presi pou tout elèv yo. Anba a ou pral jwenn enfòmasyon sou kijan BPS te aplike politik admisyon an ane sa a.

Kalandriye ak Pwosesis pou Demann:

Komite Skolè Boston an te apwouve rekòmandasyon Gwoup Travay sou Kritè pou Admisyon nan Lekòl Egzamen an 21 Oktòb 2020. Pou asire fanmi yo ak elèv yo te konplètman enfòme sou nouvo politik yo osi byen ke tout sa chak lekòl egzamen ofri, 16 [seyans enfòmasyon vityèl](#) te fèt ant Novanm ak Desanm 2020.

Elèv Non-BPS yo

Pwosesis demann pou lekòl egzamen BPS la te lanse 23 Novanm 2020, yon ti tan apre Komite Skolè Boston an te apwouve rekòmandasyon Gwoup Travay sou Kritè pou Admisyon nan Lekòl Egzamen an. Pwosesis demann nan te louvri 23 Novanm 2020. Inisyalmman pwograme pou li fini 31 Desanm 2020, dat limit pou demann yo te pwolonje yon lòt de semèn ankò pou 15 Janviye 2021, epi sa te kreye yon peryòd pou depoze demann de wit semèn pou elèv non-BPS yo. Apre 15 Janviye, BPS ak patnè ekstènèl li te travay pou verifye elijibilite pou poul kandida yo epi nou te voye lèt bay fanmi non-BPS yo 29 Mas 2021.

Elèv BPS yo

BPS te notifie pi fò nan fanmi BPS yo de elijibilite 7 Janviye 2021 ak soumisyon klasifikasyon lekòl yo a ki te echi 29 Janviye. Pou nou te ka founi fanmi BPS yo menm peryòd wit semèn pou yo konplete pwosesis demann nan, nou te pwolonje dat limit la pou tout fanmi BPS yo soumèt klasifikasyon lekòl yo pou 5 Mas 2021. BPS te kominike ekstansyon sa a ak apèl dirèk pou fanmi BPS ki elijib ki pa te klase lekòl yo avan dat limit la. Fanmi lòt elèv BPS ak fanmi non-BPS yo pa te afekte pa ekstansyon sa a.

Yon ti kantite elèv BPS te gen relèv nòt ki te bezwen tradwi, dosye elèv enkonplè nan lòt lekòl avan, oswa ka ki te mande plis aksyon avan nou te ka finalize elijibilite. Pou elèv ki te rantre nan BPS sòti nan lekòl an deyò distri a, nou te kontakte yon varyete lekòl ak administratè distri pou nou kolekte nòt oswa mande nòt konvèti nan men lekòl ki sèvi ak fòma notasyon ki pa tradisyonèl.

BPS te detèmine elijibilite majorite nan elèv BPS yo epi nou te voye lèt elijibilite, sou yon baz repati, pandan detèminasyon sa yo te fèt. Sepandan, pandan nou revize pwosesis admisyon an ansanm avèk patnè ekstènèl nou yo, BPS toujou ap travay pou konfime elijibilite yon seri elèv BPS. N ap travay an kolaborasyon avèk lidè skolè pou nou verifeye nòt pou elèv sa yo pi vit ki posib.

Tout Elèv yo

Nan moman sa a, nou antisipe nou pral voye envitasyon pou lekòl egzamen yo nan mitan rive fen mwa Avril. Nou mande eskiz pou kèlkeswa deranjman reta sa yo te fè, epi nou pral kontinye ap kenbe w o kouran ak tout enfòmasyon ki posib. Pou plis detay sou admisyon nan lekòl egzamen, tanpri ale sou www.bostonpublicschools.org/exam

Sensèman,
Sèvis Akèy BPS